



Prevansyon Varyòl Makak la nan Travay ak Lòt Kote ki pa Anviwònman Medikal

Dokiman sa a valab pou aktivite ak travay ki pa nan anviwònman medikal. Suiv konsèy ki annapre yo yon fason ki gen sans pou travay ou, anviwònman ou oswa aktivite ou yo. Gen patwon oswa lidè aktivite ki gen dwa chwazi sèvi ak konsèy sa yo pou elabore pwotokòl presi ki ale ak sikonstans pa yo.

Pou konsèy pou lekòl, gadri ak pwogram apre lekòl, ale sou on.nyc.gov/preventing-monkeypox-schools. Pou konsèy pou anviwònman medikal, ale sou cdc.gov/poxvirus/monkeypox/clinicians/infection-control.html epi klike sou "**Infection Control in Healthcare Settings**" (**Kontwòl Enfeksyon nan Anviwònman Medikal**). Pou konsèy pou travay kote moun yo rete nan menm espas vi an, tankou refij, ale sou cdc.gov/poxvirus/monkeypox/specific-settings/congregate.html. Pou konsèy sou varyòl makak la, sa gen ladan kijan pou fè sèks san danje, ale sou on.nyc.gov/monkeypox-sick-guidance.

Kisa varyòl makak la ye?

Varyòl makak la se yon maladi atrapan ki gen pou kòz viris varyòl makak la. Li ka bay plè ki gen dwa sanble ti bouton kwasans oswa zanpoud, ki rete fèm lè ou manyen yo e ki anfonse nan mitan. Yon kwout ap fini pa fòmè sou plè yo, epi l ap tonbe apre sa. Gen moun ki gen sentòm ki sanble lagrip tou tankou lafyè, frison, malgòj, glann anfle, maltèt ak fatig.

Pa sipoze yon moun gen varyòl makak la si li gen bouton oswa plè. Pifò bouton ak plè se pa viris varyòl makak la ki bay yo.

Kijan varyòl makak la simaye?

Varyòl makak la simaye pi souvan pa kontak dirèk avèk plè yon moun ki gen viris la. Nan epidemi sa a, viris varyòl makak la simaye prensipalman pandan kontak pwòch, entim tankou pandan sèks (pa bouch, pa dèyè ak nan vajen) nan bo, nan karese ak nan fè masaj. Varyòl makak la ka simaye tou lè ou manyen sifas oswa bagay ki te an kontak avèk plè yon moun ki gen viris la, oswa lè ou respire ti gout respiratwa li bay pandan ou an kontak trè pwòch pandan lontan avèk li. Nenpòt ki moun ka trape varyòl makak la kèlkeswa sèks li oswa oryantasyon seksyèl li.

Ki risk ki genyen pou varyòl makak la simaye nan travay oswa pandan aktivite?

- Nan pifò travay ak pandan pifò aktivite, pa gen anpil risk pou varyòl makak la simaye. Paregzanp, varyòl makak la pa gen anpil chans pou li simaye senpleman poutèt ou toupre

yon moun ki gen varyòl makak la nan yon biwo, nan yon restoran oswa nan yon makèt, oswa poutèt ou chita sou kote yon moun ki gen viris la nan metwo oswa nan sinema.

- Varyòl makak la pi riske simaye lè gen kontak po sou po, oswa lè ou sèvi ak teni, inifòm oswa sèvyèt yon moun ki gen varyòl makak la.
- Pou redui risk yo pou anplwaye ou yo, bay travayè ki gen kontak po sou po ak kliyan yo, tankou nan salon maniki ak pediki, kay kwayè, oswa nan salon masaj ak salon tatou, gan ak mask. Lave teni ak inifòm plizyè moun mete yo apre chak itilizasyon e pa sèvi ak menm sèvyèt ak lòt moun.

Si ou ofri aktivite kote gen kontak po sou po tankou lit, jido oswa dans, mande patisipan yo pou yo veye plè ki fèk parèt oswa sentòm ki sanble lagrip.

Kilè yon anplwaye oswa patisipan ki gen yon tès varyòl makak pozitif ka retounen nan travay oswa nan aktivite yo?

Moun ki gen tès varyòl makak pozitif ka retounen nan travay oswa nan aktivite lè yo pa gen lafyè ak sentòm ki sanble lagrip tankou touse, etènnye, nen k ap koule oswa malgòj ankò san yo pa pran okenn medikaman pou redui lafyè ni lòt medikaman. Dapre kalite travay oswa anviwònman an, gen moun ki dwe tann pou tout plè yo geri:

- Yon moun k ap travay nan yon anviwònman ki gen **gwo risk** dwe tann jiskaske tout plè yo geri e gen yon nouvo kouch po ki fòm, sa ki ka pran ant de (2) ak kat semèn. Men kèk egzanp anviwònman oswa djòb ki gen gwo risk:
 - Pwogram pou jèn timoun oswa pou timoun ki gen bezwen espesyal ki bezwen kontak fizik pwòch.
 - Etablisman swen alontèm, swen granmoun oswa swen moun aje, ak sèvis lakay ki gen ladan yo swen kò moun.
 - Salon ki ofri sèvis tankou masaj oswa amelyorasyon bote.
 - Travay sèks.
 - Anviwònman medikal.
 - Anviwònman rezidans kolektif tankou refij pou sanzabri ak etablisman rezidansyèl pou tretman toksikomani.
- Yon moun k ap travay nan yon anviwònman kote **risk yo ba** ka retounen nan travay oswa nan aktivite a menm si li gen plè ki poko geri toujou si moun nan:
 - Toujou kenbe plè yo kouvri nèt.
 - Mete yon mask kalite siperyè ki byen chita ki kouvri bouch li ak nen li.
 - Evite kontak fizik avèk lòt moun ak kote ki gen foul.
 - Pa separe ni asyèt, ni manje, ni bwason ni kouvè ak lòt moun.
 - Netwaye sifas lòt moun itilize ki gen dwa manyen plè yo, tankou syèj twalèt nan yon saldeben plizyè moun itilize.
 - Si sa posib, patwon yo dwe reflechi kite anplwaye ki gen plè ki poko fin geri yo travay a distans oswa pwolonje konje maladi yo.
 - Si moun nan pa ka kouvri plè oswa bouton li yo, poutèt, paregzanp, yo sou figi li, moun nan dwe rete lakay li.
- Yon moun k ap travay nan yon etablisman sèvis manje e ki gen plè sou men li pa gen dwa retounen nan travay toutotan plè yo pa geri nèt.

Kijan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) fè konnen lè gen ka varyòl makak?

Depatman Sante NYC an resevwa rapò nan men laboratwa ak pwofesyonèl medikal. Depatman Sante NYC an ap fè ankèt sou ka yo rapòte yo. Ankèt la gen dwa gen ladan retrase kontak ak fè tès suivi.

Enfòmasyon medikal se bagay ki konfidansyèl. Si yon anplwaye di ou li gen yon tès varyòl makak pozitif, pa bay lòt moun enfòmasyon sa a.

Èske anplwaye yo oswa patisipan yo dwe rete lakay yo si yo te ekspoze a varyòl makak la?

Moun ki ekspoze a yon moun yo konfime li gen varyòl makak la **pa** bezwen fè karantèn e yo te mèt al travay si yo pa gen sentòm. Yo dwe gade si yo pa gen sentòm pandan 21 jou epi kontakte pwofesyonèl medikal yo si yo vin gen sentòm varyòl makak la. Si yo pa gen pwofesyonèl medikal, yo ka rele **311** pou yo mete yo an kontak ak laswenyay. NYC Health + Hospitals ap bay swen kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yon moun, kouvèti asirans li oswa kapasite li pou peye. Pou plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/monkeypox epi klike sou "**Symptoms**" (**Sentòm yo**).

Yo apwouve vaksen JYNNEOS la nan Etazini pou prevansyon varyòl makak la kay moun ki te ekspoze a viris varyòl makak la. Depatman Sante NYC an ap fè moun yo idantifye kòm kontak pwòch yon moun ki gen varyòl makak la konnen si wi ou non vaksinasyon rekòmande e, si se wi, ede yo pran vaksen an. Vaksen yo gratis nan NYC kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, kouvèti asirans ou oswa kapasite ou pou peye.

Kijan pou mwen netwaye kote m ap travay la?

Kontinye netwaye jan ou abitye fè l la. Ap gen nesesite pou netwaye plis sèlman si yon moun yo konfime li genyen varyòl makak la te kote w ap travay la prandan li te gen sentòm. Espas travay ak espas komen kote moun nan te ye a dwe fèmen jiskaske yo netwaye ak dezenfekte yo. Pou pwoteje konfidansyalite manm pèsònèl la ki gen tès varyòl makak pozitif, eseye evite netwaye pòs travay yo, biwo yo oswa lòt zòn travay pandan gen lòt anplwaye la. Pou plis enfòmasyon sou netwayaj ak itilizasyon dezenfektan, ale sou on.nyc.gov/monkeypox-cleaning-guidance.

Pou plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/monkeypox.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

8.30.22 Haitian Creole